



# 12 ETAP POU PLEDWAYE



Kijan pou goumen pou bagay ki enpòtan pou ou

1

## Prezante agiman pou chanjman.

Defini pwoblèm la. Kore agimantasyon w ak done epi ilustrasyon. Pale ak prezizyon epi dirèk!

2

## Detèmine Solisyon an.

Kreye epi esplike solisyon pwoblèm la. Diskite enpak w ap atann lan. Estime konbyen sa va koute.

3

## Etabli yon Baz Sipò.

Kontakte sipòtè yo bonè. Fè yo patisipe pou jwenn solisyon yo. Idantifye moun ki ta ka vin defansè koz la.

4

## Chèche Patnè Kowalisyon.

Idantifye lòt sipòtè posib. Gade pi lwen pase moun yo konn konsidere anpremye yo epi konsidere pran alye ki pa tradisyonèl.

5

## Konsidere Opozisyon an.

Idantifye advèsè yo. Aksepte patisipe nan diskisyon yo. Pale sou rezon kifè gen opozisyon, si sa fezab.

6

## Chwazi Platfòm ki Apwopriye a.

Èske yo kapab rezoud pwoblèm la gras a chanjman nan règ yo oubyen èske aksyon règlemantè oswa lejislattiv nesèsè? Kòmanse apatide premye etap la.

7

## Kominike Estratejikman.

Idantifye piblik w ap sible a. Fòmile mesaj la. Planifye estrateji kominikasyon a epi respekte li.

8

## Mobilize Sipòtè yo.

Devlope yon mekanism repons rapid pou kenbe sipòtè yo enfòmè konsènan pwogrè inisyativ la, tankou e-networks (rezo elektwonik).

9

## Entegre Vwa ki Otantik.

Kontakte moun pwoblèm la te enpakte dirèkteman, tankou paran yo, timoun yo ak pwogram kominotè yo epi fè yo patisipe nan aktivite pledwaye.

10

## Sonje Mizanplas La.

Idantifye etap ki nesèsè yo pou mete anplas chanjman an. Sonje mete mekanism pou siveye rezilta yo.

11

## Aksepte Fè Konpwomi.

Konsidere posibilite pou jwenn yon solisyon pasyèl. Reflechi sou bon premye etap yo pou fè swivi (follow-up) pi devan.

12

## Montre Sipòtè yo ou Apresye yo.

Selebre epi remèsye sipòtè w yo nan chak etap kanpay la.